

# Gid Vizit pou ICU

Nou konprann vizitè yo enpòtan pou pasyan nou yo ak pou gerizon yo. Inite Swen Entansif (Intensive Care Unit, ICU) nou an espesyalize nan bay pasyan ki malad grav yo swen. Tanpri swiv gid sa a pou ede nou kreye yon anviwònman ki akeyan, ki montre respè, ki kalm epi ki an sekirite pou pasyan nou yo, fanmi yo, vizitè yo ak anplwaye nou yo.

Pou byennèt moun ou pwòch avèl la, pral gen kèk fwa ou ka oblige soti nan chamm nan pou nou ka ba l swen ak tretman. Pafwa, ou ka rete pou anpil tan nan vizit la, oswa pafwa, tan vizit ou a ka limite oswa kontwole.


## PLANIFYE VIZIT OU A

Adrès Brigham and Women's Hospital se nan 75 Francis Street nan Katye Medikal Longwood nan Boston. Ou ka vini byen fasil nan transpò pubblik, epi nou gen anplwaye disponib ki pou mete machin vizitè yo nan pakin. 80 Francis Street Garage la disponib pou fanmi yo ak vizitè yo 24/24, 7/7.

Si vizit ou a depase sis èdtan epi ou pa t itilize sèvis ki pèmèt anplwaye yo pake machin ou an, tanpri asire w tikè pakin ou an valide anvan w ale. Sonje, yo deja valide tikè ki pèmèt anplwaye yo pakin machin ou an pou yon pri redui.

- Lendi jiska Vandredi, soti 8è a.m jiska 5è p.m.: Relasyon Pasyan ki entène ak Fanmi
- Nan nwit ak wikenn: Nan biwo enfòmasyon ki nan 75 Francis Street la

## Brigham and Women's Hospital **Kat Jeyografik Kanpis la 2yèm Etaj**



Vizite [maps.brighamandwomens.org](http://maps.brighamandwomens.org) pou jwenn enstriksyon detaye sou ICU nou an.

Tanpri al gade nan Règleman Brigham ak Women's Hospital pou vizitè yo pou jwenn dènye enfòmasyon sou lè vizit yo: [brighamandwomens.org/patients-and-families/visitors/visitor-policies](http://brighamandwomens.org/patients-and-families/visitors/visitor-policies).

Lè w rive nan etaj la, tanpri rele nimewo ki nan resepsyon an ki afiche toupre pòt la oswa sonnen nan pòt la pandan ou nan sal datant vizitè a.

## KANTITE VIZITÈ

De (2) vizitè ka vizite alafwa yon fason pou ede kenbe yon anviwònman ki favorize gerizon. Gen posiblite pou chanje règ sa a.

## SAL DATANT

Pou prezèv entimite tout pasyan nou yo, yo ankouraje vizitè yo pou yo ret tann nan sal datant lopital la olye pou yo rete nan koulwa yo.

Aprann plis sou [brighamandwomens.org/patients-and-families/visitors/waiting-areas](http://brighamandwomens.org/patients-and-families/visitors/waiting-areas).

## SEKIRITE

Si ou gen lafyèv, sentòm grip oswa lòt sentòm enfeksyon, **tanpri pa vizite** jiskaske ou santi ou pi byen.

## KONPÒTMAN

Tout moun dwe gen yon konpòtmán ki montre respè. Tanpri gade Kòd Konduit Mass Jeneral Brigham nan.

## MATERYÈL MEDIKAL

Pou asire sekirite moun ki pwòch ou yo, tanpri pa manyen okenn materyèl medikal.

## IJYÈN POU MEN

Tanpri sèvi ak dezenfektan men PURELL oswa lave men ou lè w ap antre ak soti nan chanm pasyan yo.

## TIMOUN

Tanpri pale de vizit timoun ki poko gen 12 zan yo ak enfimyè pasyan an. Timoun yo dwe toujou sou siveyans granmoun yo epi yo pa dwe pase nwit nan lopital la.

## SILANS

Tanpri fè atansyon lè w ap itilize telefòn selilè nan zòn y ap pran swen pasyan yo ak nan sal datant yo. Pou ede pasyan nou yo repoze ak refè, gen kèk inite ki gen moman silans pandan jounen an.

## FOTO/VIDEYO

Yo pa ka pran foto ak/oswa fè videyo pasyan yo ak/oswa anplwaye yo san konsantman yo. Sa konfòm ak lwa eta Massachusetts yo sou pwoteje lavi prive pasyan yo.

## RETE NAN NWIT

**Braunwald Tower ICU:** Akòz manke espas nan chanm ICU yo, vizitè yo pa kapab dòmi nan chanm pasyan yo.

Nou ankouraje yo rezèv yon chanm otèl lokal si sa nesesè. Posiblite pou jwenn lojman nan otèl lokal yo disponib nan pri ki redui. Aprann plis nan [brighamandwomens.org/patients-and-families/visitors/accommodations](http://brighamandwomens.org/patients-and-families/visitors/accommodations) oswa kontakte sèvis Relasyon Pasyan/Fanmi an nan 617-732-6636 soti Lendi jiska Vandredi, soti 8è a.m jiska 5è p.m.

**Shapiro ICU:** Yon sèl moun ka pase nwit nan chanm pasyan an. Vizitè k ap pase nwit yo dwe gen omwen 18 an.

Tanpri sonje kantite tan w ap fè ap dòmi ka limite akòz ekleraj la epi akoz swen y ap bay pasyan ki pwòch ou a.

- Vizitè lannwit yo dwe mande yon kat daksè nan sèvis sekirite a nan biwo enfòmasyon ki nan 75 Francis Street la.
- Anplwaye yo ka bezwen mande vizitè yo pou yo kite chanm pasyan an nenpòt ki lè pou bay pasyan yo swen.
- Yo dwe toujou mete rad/rad pou dòmi ak soulye ki apwopriye andedan ak deyò chanm pasyan an.
- Twalèt ak douch pasyan yo ka pa toujou disponib pou itilize.
- Si sa nesesè, ou ka achte pwodui twalèt nan boutik souvni nou an, oswa ou ka pote yo sot lakay ou.

## KOMINIKASYON AK EKIP SWEN NOU AN

Kominikasyon ak fanmi yon pasyan enpòtan pou nou. Ekip swen pasyan an ap eseye rankontre ak fanmi pasyan an nan 48 èdtan apre yo rive pou diskite sou plan swen pasyan an. Mete a alèz pou mande enfimyè pasyan an, si ou ta renmen rankontre ak ekip swen pasyan an.

## RELE POU PRAN NOUVÈL PASYAN AN

Respè pou lavi prive pasyan yo enpòtan pou nou. Nou mande pasyan yo oswa reprezantan swen sante yo pou yo chwazi yon pòtpawòl pou fanmi an pou tout kominikasyon, ki gen ladan nouvèl sou eta pasyan an.

Pòtpawòl fanmi sa a pral transmèt nouvèl yo bay fanmi elaji ak zanmi pasyan an. Sa ede prezève lavi prive pasyan an, pandan y ap redui okazyon pou deranje swen moun ki chè a oumenm nan.

Chanjman pòs yo fèt a 7è a.m. epi a 7 p.m., se moman ki gen anpil aktivite nan inite nou an. Si sa posib, tanpri evite rele pou mande nouvèl nan moman sa yo.

## MANM EKIP SWEN ICU YO

Ekip nou an angaje l pou bay pasyan yo bonjan kalite swen ki wo nivo epi ki fyab ki posib la.

- **Doktè Swen Entansif (Doktè Ki Responsab la):** Responsab ekip ICU k ap kowòdone swen pasyan an. Yo pral chanje moun sa a chak youn a de (2) semèn.
- **Chirijen Ki Responsab la:** Chirijen ki te fè operasyon pasyan an epi ki pale sou objektif yo ak doktè swen entansif (doktè ki responsab la).
- **Asistan nan Swen Entansif:** Yon doktè ki swiv yon fòmasyon espesyalize nan Swen Entansif. Moun sa a travay ansanm ak doktè swen entansif la (doktè ki responsab la) pou kowòdone swen yo epi fòme rezidan yo.
- **Doktè Rezidan:** Yon doktè k ap pran fòmasyon nan medsin entèn, nan medsin ijans oswa nan chiriji. Moun sa a fè anpil operasyon anba sipèvizon doktè asistan nan swen entansif la oswa doktè swen entansif la (doktè ki responsab la). Yo pral chanje moun sa a chak de (2) semèn.
- **Enfimyè ICU:** Yon enfimyè ki gen yon fòmasyon espesyalize nan bay pasyan ki malad grav yo swen. Moun sa a pral fè pi fò nan aktivite ki gen rapò ak bezwen pasyan an genyen chak jou yo.
- **Asistan Swen Pasyan (PCA):** Yon asistan ki bay sipò ak pèsonèl k ap bay swen an.
- **Kowòdonatè inite:** Moun sa a reponn telefòn inite yo, kenbe dosye medikal yo, jere vizitè yo epi asire sistèm entène/egzeyat yo ajou nan moman ki awopriye yo.
- **Kowòdonatè Swen:** Yon enfimyè ki ede fanmi yo planifye egzeyat. Moun sa a abitye ak resous kominotè yo epi li ede nan fè aranjman pou pasyan an retounen lakay li oswa nan yon etablisman k ap ede l refè.
- **Travayè Sosyal:** Moun sa a sipòte pasyan yo ak manm fanmi yo pandan moman maladi grav yo. Moun sa a ede fanmi an tou nan kominikasyon ak nan satisfè bezwen sosyoekonomik ak finansye li yo.
- **Terapis respiratwa:** Yon espesyalis ki bay tretman pou amelyore respirasyon epi ki ede nan pran swen pasyan ki sou aparèy respiratwa yo.

Fizyoterapet, ègoterapet, dyetetisyen ak reliye yo fè pati ekip swen ICU a tou.

Pasyan ki malad grav yo ka bezwen yon swen medikal ak swen entansif ki wo nivo. Epitou, yo ka mande plis sipò nan sèvis ki bay konsèy pou moun ki malad nan ren, pou maladi ki trapan, swen palyatif, ensifizans kadyak ak lòt ankò.

## OU KA ESPERE WÈ

Pasyan ki nan ICU a ka bezwen materyèl espesyalize pou ede kontwole ak soutni sistèm kò yo. Kèk nan materyèl sa yo se:

- Machin, yo souvan rele "ventilatè" yo oswa "respiratè," ki ede pasyan yo respire
- Aparèy siveyans ki anrejistre siy vital yo ak nivo oksijèn yo, ni andedan ak ni deyò chanm pasyan an
- Tib yo mete nan venn, nan nen ak nan bouch pasyan an pou ede yo ba l likid ak medikaman

Gen kèk fwa kote anplwaye yo dwe mete wòb jón ak gan pou diminye risk enfeksyon yo.

## RECHÈCH NAN ICU

Nou toujou fè efò pou amelyore swen n ap bay pasyan nou yo. Youn nan fason nou fè sa se lè nou patisipe nan etid rechèch yo. Yo ka mande pasyan yo ak fanmi yo pou yo patisipe nan yon etid rechèch. Tanpri sonje patisipasyon sa a volontè, epi desizyon ou pran p ap afekte swen pasyan an.

## LÒT ENFÒMASYON

**Wi-Fi:** Disponib atravè rezo sa a: **MGBGuest**

**Bagay ki gen valè:** Tanpri kite tout bagay ki gen valè yo lakay ou.

**Manje ak Bwason:**

- **Restoran Garden Café:** Kafeterya a nan dezyèm etaj Braunwald Tower (soti 6è a.m.rive 11:30 p.m.)
- **Panera:** Sitiye nan premye etaj Braunwald Tower (ouvri 24/24, 7/7)

**Shop on the Pike:** Boutik souvni ak flè nou an sitiye nan dezyèm etaj Pike la—anfas mezanin Braunwald Tower 2 a ak anba sal kafeterya a. Ou ka kontakte yo nan telefòn nan 617-732-7878.

- Lendi jiska Vandredi: 7è a.m. rive 6è p.m.
- Samdi: 11è a.m.rive 5è p.m.

**Flè ak Plant:** Yo pa toujou otorize bagay sa yo nan kèk ICU, akòz eta sante pasyan yo. Tanpri verifye davans ak inite a.

**Sèvis Relasyon Pasyan/Fanmi:** Sitiye nan antre 75 Francis Street la nan premye etaj la. Ou ka kontakte yo nan telefòn nan 617-732-6636.

**Sekirite:** Yo pa otorize pou antre ak zam nan lopital la.

## LÒT NIMEWO TELEFÒN OU KA BEZWEN

Biwo Resepsyon ICU: \_\_\_\_\_

Sèvis Akonpayman Espirityèl: 617-732-7480

Direktè Swen: \_\_\_\_\_

Sèvis Entèprèt: 617-732-6639

Travayè Sosyal: \_\_\_\_\_

Sekirite: 617-732-6565

Kowòdonatè Swen: \_\_\_\_\_

## REMAK

Mansyone tout kesyon oswa enkyetid ou ta renmen diskite avèk pèsònèl medikal nou an.

---



---



---



---



---



